

Appendix H

NON ENTITLEMENT/TRANSITION LETTER

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Kòm yon moun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL), pitit ou a, _____ te patisipe nan yon pwogram pou fè l pwogrese pi vit nan lang angle. Prentan sa a pitit ou a te pran yon egzamen ki te itilize Egzamen Leta Nouyòk bay pou evalye elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang *New York State English as a Second Language Achievement Test* (NYSESLAT) pou detèminen konpetans li nan lang angle.

Pitit ou a pran yon nòt ki endike li pa kalifye ankò pou sèvis ELL yo paske li konpetan ann angle. Kounye a, pitit ou a ka pase nan klas yo ki fèt ann angle sèlman. Si w ta vle pitit ou a rete nan yon pwogram bileng [Edikasyon bileng pwovizwa *Transitional Bilingual Education* (TBE) oubyen Lang doub *Dual Language*], oswa si w ta vle mande kèk kesyon osijè lòt sèvis pwovizwa pou fè pitit ou a pwogrese nan lang angle, tanpri telefone : _____ nan _____ .

Ak senserite,
